

Kesyon Anplwaye yo poze Souvan

K: Kisa k ap pase?

R: Sysco ap asire li pou chak asosye gen ID Rezo Sysco yo ak modpas yo etabli epi pou yo anrejistre pou Sèvis pou Renouvre Modpas Poukount yo (Self-Service Password Reset (SSPR), pwosesis la ki pèmèt yo renouvre modpas yo fasilman lè sa nesesè.

K: Pou kisa Sysco ap fè sa kounye a?

R: Apati 1ye avril 2022, ID Rezo yo ap obligatwa pou jwenn aksè nan souch chèk pewòl yo kòm Workday ap vin novo sistèm pewòl nou an nan Etazini. Kidonk, li enpòtan pou ou genyen ID Rezo ou:

K: Kisa yon ID Rezo Sysco a ye?

R: ID Rezo Sysco a se yon ID koneksyon ki inik pou ou epi ki pèmèt ou konekte nan sistèm kle Sysco yo tankou Workday ak zouti pou aprantisaj sou entènèt.

K: Kisa SSPR ye?

R: Sysco egzije pou tout anplwaye yo renouvre modpas yo chak 90 jou kòm yon mezi sekirite. Oto-Sèvis pou Renouvre Modpas (SSPR) pèmèt ou renouvre modpas ou an kèk klik rapid nan yon kyòs, òdinatè, tabletè osa smartfòn, san ou pa bezwen rele pou èd nan Biwo Sèvis Sysco a.

K: Èske li obligatwa pou enskri nan SSPR?

R: Li obligatwa pou ou enskri nan SSPR epi pou kreye modpas rezo ou.

K: Èske mwen oblige sèvi ak nimewo telefòn selilè mwen ak adrès imèl pèsonèl mwen pou m enskri pou SSPR?

R: Soumèt enfòmasyon pèsonèl ou (nimewo selilè ak adrès imèl) se pi bon fason pou konplete pwosesis enskripsyon SSPR la epi pou kenbe modpas ou. Si ou pa vle soumèt enfòmasyon sa yo, ou ka mete kesyon sekirite pèsonèl yo pou konplete pwosesis la, men w ap oblige swiv etap enskripsiyan anplis epi w ap bezwen itilize yon kyòs nan sit ou a pou enskri nan SSPR .

K: Kisa yon non itilizatè/UPN ye?

R: Li se yon idantifyan inik ki diferan de ID Rezo w la epi ki ka obligatwa lè w ap kreye SSPR osa renouvre yon modpas. Li gen fòma tankou yon adrès imèl (pa egzanp, Batman123@Sysco.com) men li pa fonksyone tankou yon adrès imèl. Li jis itilize nan sitiyasyon sa yo kòm yon idantifyan adisyonèl. Ou pral sèvi avèk li sèlman lè yo mande pou UPN ou osa non itilizatè ou.

K: Mwen pèdi non titliztè/UPN mwen. Kijan mwen kapab jwenn li?

R: Kontakte Biwo Sèvis Sysco a nan **866-981-1190**. W ap bezwen gen ID Rezo w lè w rele.

K: *Mwen pèdi ID Rezo mwen. Kijan mwen kapab jwenn li?*

R: Yo te ba w ID Rezo w la nan de (2) kote:

- Bwochi pèsonalize, ki gen ladann yon badj ki gen ID Rezo w enprime sou li
- Imèl yo te voye ba ou, ki gen ladann ID Rezo Sysco ou ak modpas tanporè Si w pèdi ID Rezo w la, pale ak HRBP lokal ou a, ki kapab ba w li.

K: *Mwen pèdi modpas tanporè mwen an. Kijan mwen kapab jwenn li?*

R: Kontakte Biwo Sèvis Sysco a nan **866-981-1190** pou mande yon nouvo modpas tanporè. W ap bezwen ID Rezo ou pou kòmanse pwoesisis la. Yon fwa yo kreye yon modpas tanporè, reprezantan Biwo Sèvis la ap voye li bay manadjè w la oswa HRBP. Apre sa, manadjè w la oswa HRBP ap ba w li.

K: *Mwen déjà gen ID Rezo Sysco mwen an ak yon modpas etabli. Èske mwen dwe kreye yon modpas ankò?*

R: Non, ou pa oblige. Si ou te déjà gen ID Rezo Sysco ou epi ou te kreye yon modpas, ou pa bezwen fè anyen. Men, ou ta dwe asire w pou ou kreye SSPR. Kounye a se yon bon moman pou w fè li paske modpas Sysco ekspire chak 90 jou. Ou ka jwenn enstriksyon pou kreye SSPR nan SyscoBenefits.com/SSPR.

K: *Pou kisa yo mande m pou revize adrès lakay mwen ki nan dosye Sysco?*

R: Adrès lakay ki enprime sou bwochi pèsonalize w la se yon bon endikatè pou konnen si enfòmasyon w ki nan dosye Sysco yo ajou. Si adrès lakay ou pa kòrèk, sa vle di enfòmasyon pèsonalize tankou avantaj oswa enfòmasyon ki gen rapò ak taks pap kapab rive jwenn ou. Konekte nan Workday epi sèvi avèk ID Rezo w ak modpas ou pou asire w enfòmasyon pèsonèl ou yo ajou.

K: *Kijan pou mwen renouvele modpas tanporè mwen an?*

R: Ou ka jwenn enstriksyon pou renouvele modpas tanporè a nan SyscoBenefits.com/SSPR.

K: *Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou modpas oswa SSPR oswa pou jwenn asistans?*

R: SyscoBenefits.com/SSPR gen zouti pou travay, enstriksyon pou konekte ak plis ankò. Ou kapab rele tou Biwo Sèvis Sysco nan **866-981-1190**.

K: *Ki kote mwen ta dwe ale si mwen bezwen èd ak modpas mwen, konekte oswa enskri pou SSPR?*

R: Kontakte Biwo Sèvis Sysco a nan **866-981-1190**.